# ПЕДАГОГИКАЛЫҚ МОДЕЛЛЕСТИРИЎ АРҚАЛЫ ОҚЫЎШЫЛАРДЫҢ КИТАПХАНЛЫҚ ҚӘБИЛЕТИН РАЎАЖЛАНДЫРЫЎ ҲӘМ ЖЕТИЛИСТИРИЎ

**Тобаназаров Азамат Пирназарович**
**Өзбекстан Педагогика Илимлери Илимий-изертлеў институти ҚҚР филиалының еркин излениўшиси (Өз ПИИИ ҚҚР филлиалыРррр)Рр**
**Azamat-15@umail.uz**
**https://doi.org/10.5281/zenodo.7060177**

**Аннотация.** Бул мақалада автор педагогикалық моделлестириў арқалы оқыўшылардың китапханлық қәбилетин қәлиплестирип, раўажландырыўдың илимий-методикалық мәселеси ҳаққында сөз етеди.

**Гилт сөзлер:** Әдебият сабағы, прозалық шығармалар, педагогикалық модель, китапханлық, қәбилет, раўажландырыў

Бүгинги күнде мәмлекетимиз раўажланыўдың жаңа бағдарларға қарай жол алды. Халық хожалығының барлық тараўларында унамлы ҳәм жаңадан-жаңа өзгерислер жүз бермекте. Солардан бири елимизде инсан руўхыйлығын байытыў ҳәм раўажландырыў мәселеси бизиң жәмийетлик турмысымызда ең алдыңгы мәселелери бири болып тур.Бул жөнелисте мәмлекетимиз тәрепинен жәмийетимиздиң өмиринде ийгиликли қадириятлырды ҳәм миллий дәстүрлерди тереңнен сиңдириў, сондай-ақ халқымыздың, әсиресе, өсип кыятырған жас әўлаттың руўхый-интеллектуал потенциалы, сана-сезими ҳәм дүньяқарасын жоқарылатыўда, ана ўатан ҳәм халқына муҳаббаты, садыклық сезими менен жасайтуғын кәмил инсанды тәрбиялаўда үлкен әҳмийетке ийе болған китапханлық мәдениятты асырыўға айырықша итибар қаратылып атыр. Усы мазмунда ҳәм бағдарда ҳүкиметимиз тәрепинен қабыл етилип атырган бирқатар рәсмий ҳүжжетлердиң орны бөлек. Мәселен,

2020-2025-жылларда китапханлық мәдениятын раўажландырыў ҳәм қоллап-қуўатлаў миллий бағдарламасы тастыйықланды.[1][1]Онда атап өтилгениндей, нәзерде тутылған миллий бағдарлама жәмийетлик-сиясий, руўхый турмысы мыздың еле де раўажланыўына өз үлесин қосып, үш басқышта әмелге асырылады.1-басқышта.2020-2021-жылларда китапханлық мәдениятты раўажландырыў бойынша шөлкемлестириўшилик-ҳуқықый механизмлерин жетилистириў ис-ылажларын әмелге асырыў;

[1] ӨзР Министрлер Кабинетиниң 2020-жыл 14-декабрдеги 781-санлы «2020-2025-жылларда китапханлық мәдениятын раўажландырыў ҳәм қоллап-қуўатлаў миллий багдарламасын тастыйықлаў ҳаққындағы »деген қарары

2-басқышта.2022-2023-жылларда китапханлыққа байланыслы инфраструк турасы беккемлеў;
3-басқышта.2024-2025-жылларда жаслардың китапханлық мәдениятын раўажландырыў, олардың интеллектуал потенциалын асырыў есабынан инсан капиталы сыпатын жақсылаў сыяқлы ийгиликли мақсетлер қойылған
Сол мәнисте ҳәзирги ўақыттағы мәмлекетимизде билим бериў саласында әмелге асырылып атырған реформалар менен оны жаңалаў бағдарындағы түпкиликли өзгерислер улыўма билим бериў процессин раўажландырыўды жәҳән халықлары билим кеңислиги менен тығыз байланыста алып қаралады.

Мектеплерде қарақалпақ әдебиятын оқытыў тәжрийбеси бириншиден,егер түсиникли, ашық ҳәм қызықлы болса оқыўшылар көркем әдебиятты оқыйтуғын, оны билиўге талпынатуғын, екиншиден, тулғаның толық инсаныйлық-әдебий раўажланыўы, китапхан мәдениятын қәлиплестириў ушын әдебияттың педагогикалық потенциалынан пайдаланыў аз екенлигин, оны сабақтан тыс жумысларда, китапхана жағдайындағы кластан тыс сабақларда, қосымша билим беру мекемелеринде, оқыўшылар шаңарағы менен жумыс алып барғанда қолланыў зәрүрлигин көрсетти.
Тийкарынан алғанда, китапхан қәбилетин раўажландырыў мынадай үш фактор менен анықланады:
– оқытыўдың теориялық ҳәм практикалық әҳмийетлилиги;
– әдебий билим бериў мазмунының жетилистирилиўи;
– китапханлық қәбилетиниң раўажланыў дәрежесин анықлаў зәрүрлилиги.

Әмелиятта көбинен көп әдебият сабақларында педагог тәрепинен көркем текстлер менен жумыс, соның ишинде прозалық шығармалардың берилиўи ўақыттың жетиспеўшилигине байланыслы үстиртин тәризде орынланады, Соның салдарынан оқыўшы сабақлық усынылған текстлерди толық өзлестире алмай қалады.Демек, ҳәзирги заман мектеп оқыўшысына әдебиятты оқытыў барысында ҳәр түрли хабарлардың түрли формада берилиўинен дурыс пайдаланып, оларда белгили бир көнликпени пайда етиў арқалы балаға бағдар бериў керек болады.
Мектепте қарақалпақ әдебиятын оқытыў барысында оқыўшылардың китапханлық ҳәрекети көнликпелерин қәлиплестириўдиң процеслик моделин жүзеге асырыў ҳәм оны оқытыў процессинде қолланыў ўазыйпасы жүзеге келеди. Солай етип, биз мақаламызда мектеплерде

қарақалпақ прозалық шығармаларды оқытыў арқалы китапханлық қәбилетин раўажландырыўдың мазмунлық-структуралық моделин усыныс еттик.

Илимге дәслепки мәрте «Модель» терминин философ, математик, физик С.В.Панюкова қолланған. Ол Россияда билим менен мәмлекетти басқарыў жобасын жасаўда, модельдиң физикалық, математикалық түрлерин усынған. Педагогикада «модель» қоршаған дүнья туўралы билимниң қолайлы түри, яғный арнаўлы мақсетлер ушын жасалған белгилердиң хабарлық альтернатив түри. Алым В.В. Краевскийдиң пикиринше, «модельлестириў – теориялық және тәжрийбелик-экспериментлик изертлеўлерди бириктире туғын педагогикалық процеслерди реал системаластыратуғын усыл» болып табылады. Модельди кең мағынада (латын тилинде modulez – өлшем, шама, түр) арнаўлы жағдайларда изертлеўшини қызықтыратуғын түп нусқасының өзгешеликлерин қайта шығаратуғын, ҳақыйқат көринислерин аўыстырыўшы деп түсиниўге болады. А.А.Атаянның пикиринше, модель – бир заттың, қубылыстың арнаўлы өзгешеликлерин көрсететуғын, ол туўралы белгили, шекленген хабар беретуғын қысқартылған, жыйнақланған билим.

Модель оқыўшының билимди өзлестирип, өзиниң өмирге деген зәрүрликлеринде, тәжрийбе жүзинде қоллана алатуғын билимниң шамасы. Модельлестириўдиң образлық, затлық, таңбалық түрлери қолданылып келеди. Образлық моделлестириўде ҳақыйкый объекттиң қәсийетлери визуаль яд пенен ойлаў арқалы елеслетиледи. Затлық моделлестириўде ҳақыйкый объекттиң белгили геометриялық, физикалық талаплары көрсетиледи. Таңбалық моделлестириўде ҳақыйқый объекттиң сыпатын математикалық формула, кесте, графика арқалы берип, үш мақсетте қолданылады:

- эвристикалық – жаңа нызамлар, теориялар таўып, системаластырыў;
- есаплаў – модель көмеги менен есаптың тийкарғы мәселеси шешиледи;
- экспериментлик модель көмеги менен илимий гипотеза дәлилленеди.

Философиялық сөзликте «Модель – изертлеў ушын арнаўлы жасалған бир объект басқа бир объектиниң сыпатламасын қайта модернизациялаў. Яғный, объекттиң өзин тиккелей изертлеў мүмкин болмаса, қыйын ҳәм көп ўақытты жумсаўды талап ететуғын болса, онда моделлестириў зәрүрлиги туўылады. Моделлестириўдиң тийкарғы артықшалығы – олардың қолайлылығы, тезлиги ҳәм изертлеўге ийкемлилиги менен сыпатланады», - деп келтирилген.[2]

Ал, педагогикалық әдебиятларда модель түсинигине шет ел ҳәм елимиздиң алымлар А.И. Бочкин, А.Г. Гейн, А.М. Новиков, В.В. Подласый, А.П. Сейтешов, А.Ф. Федотов, В.А. Штофф, И.С. Якиманская жәнe Н.Д. Хмель жәнe т.б. модельге ҳәр түрли сыпатлама берген. Мысалы, Н.Д. Хмель пикиринде ол реал объекттиң ямаса процесстиң әпиўайыластырылған үлгиси. Келешектеги маманлардың кәсиплик бағдарын шөлкемлестириўди мотивациялық, мазмунлық, ҳәрекетлик, процессуаллық аспектилеринен туратуғын модельлерди усынады.[3]Алым Ю.А.Конаржевскийдиң баянлаўынша, моделлестириў «объектти теккелей практикалық ямаса теориялық пайдаланыў усылы, бул жағдайда бизге керекли объект тиккелей изертленбейди, керисинше, үйренилетуғын объект пенен белгили объективти сәйкесликте туратуғын көмекши ямаса жасалма система пайдаланылады, ол билиўдиң белгили басқышында оның орнын алмастыра алады, оны изертлеўде сол моделлестирилетуғын объект жөнинде хабар бере алады» деп анықлама береди.

Моделлестириў қурамалы теориялық билимди өзлестириў мүмкиншилигин асырады жәнe оқыўшылардың дөретиўшилик ойлаў қәбилети дәрежесин раўажландырып, билиўге болған қызығыўшылығын асырады Илимий әдебиятларды оқып анализлеп қарағанымызда, моделлестириў методы билиўдиң көриниси ҳәм объектин саналы таллаўдың кең таралған түри болып табылады.Ол озиниң мәниси жағынан моделлестириў абстракциялаў ҳәм жоқары көтериў сыяклы математикалық түсиниклердиң негизинде келип шыққан. Өйткени, математикалық түсиникте абстракциялаў деген түсиник заттың бир ямаса бирнеше қәсийетлерин ақлый жақтан бөлиў менен түсиндириледи. Педагогикалық сөзликте: «Модель (лат. modulus – үлги, өлшем) – нышан жәнe оған қатнаслы мәнилерди көрсететуғын көрнеклилик қуралларының бири (шәртли образ, схема т.б.) – деп анықлама берилген».[4]

Сол негизде қурастырылған модель туўралы пикир жүргизгенде, оқыўшылардың китапханлық қәбилетин раўажландырыў мақсетинде муғалимниң нәтийжели искерлиги арқасында атқаратуғын жумыс түрлериниң тутас бир методикалық системасын дүзиўге мүмкиншилик туўдырады. Педагогикалық моделлестириў – модельдиң негизинде түлғалық процеслер менен қубылысларды изертлеў. Изертлеў объекти графикалық немесе схемалық түрде усынылыўы мүмкин, бул қурамалы

педагогикалық дүзилислердиң ишиндеги өзара байланысларды визуал образлаўға мүмкиншилик береди.

**Қурастырылған модель** прозалық шығармаларды оқытыў барысында мектеп оқыўшыларының оқыўшылардың китапханлық қәбилетин раўажландырыўға арналады. Модель логикалық жәнe дүзилислик өзара байланыслы үш компоненттен тұрады: мазмунлық, ис-ҳәрекетлик, диагностикалық – нәтийжелик. Модельдиң мазмунлық компоненти мектеп оқыўшыларының китапханлық қәбилетин раўажландырыўға мүмкиншилик жарататуғын негизги қоспа тәжрийбелерден турады (коммуникативлик, эмоционаллық, социаллық, когнитивлик, тулғалық).

Ис-ҳәрекетлик компоненти китапханлық қәбилетин раўажландырыўдың методлары менен формаларын, усы методтың дүзилисин ҳәм оның қандай жағдайларда әмелге асарылатуғынлығын белгилейди. Оқыў хызметиниң сараланаўында түлғалық-бағдарлы технологиялар оқыўшының бийбаҳа қәбилетлиликлерин жүзеге асырыўға көмеклеседи.

Диагностикалық – нәтийжелик компонент китапханлық қәбилетлиликтиң раўажланыўының нәтийжелилигин сыпатлайды. Аталып өтилген моделдиң компонентлери изертленетуғын процеслердиң динамикалық өзгерислерин бақлаўға, оған дүзетиўлер енгизиўге, гипотеза менен нәтийжелерди баҳалаўға мүмкиншилик береди. Модельди система менен әмелге асырған жағдайда, ол объекттиң болмысы туўралы жаңа билимлер менен хабарлар береди, буған сәйкес усы система қандай да бир инновациялық хызметтиң негизин қурайды. Усылайынша, моделлестириў педагогикалық процести өзгертириўди жүзеге асырыўдың ҳәрекетлик механизми көринисинде өз сәўлесин табады.(Төмендеги схемада.)

**ҚАРАҚАЛПАҚ ПРОЗАЛЫҚ ШЫҒАРМАЛАРЫН ОҚЫТЫЎ АРҚАЛЫ ОҚЫЎШЫЛАРДЫҢ КИТАПХАНЛЫҚ ҚӘБИЛЕТИН РАЎАЖЛАНДЫРЫЎДЫҢ МАЗМУНЛЫҚ-СТРУКТУРАЛЫҚ МОДЕЛИ**

**МАҚСЕТИ**

Прозалық шығарларды оқытыў арқалы оқыўшылардың китапханлық қәбилетин раўажландырыў жолларын анықлаў

**ЎАЗЫЙПАЛАРЫ**

-китапхан қәбилетин раўажландырыўдың натийжели метод ҳәм усылларын анықлаў;
-прозалық шығармаларды оқыўға билим, көнликпе, уқыплылықларды раўажландырыў;
-оқыўшылардың әдебий китап оқыўға қызығыўшылғын оятыў;

**ТИЙКАРЛАРЫ** → Системалылық-избе-излик; тулғалық-бағдарлық; когнитивлик-мотивациялық; ис-ҳәрекетлик; компетенциялық; максетлик.

**ПРИНЦИПЛЕРИ** → Шығармашылық белсендилик, еркин ҳәрекет, көркем қабыллаў, эмоционаллық толғаныў, креативлик ойлаў, әмелиятқа бағдарланғанлық

**КОМПОНЕНТЛЕРИ**

- **Мазмунлық** — Прозалық шығармаларды таңлап, мазмунлық таллаўды анықлаўы, шығарманы оқыўды баслы бағдар деп түсиниўи, нәтийжели усыллар менен әмелге асырыў
- **Мотивациялық бахалылық** — Кең көлемли прозалық шығарманы оқыўға унамлы көзқарас, жаңаны билиўге деген ынта, талпыныў, китапханлық мәденият
- **Ис-ҳәрекетлик - нәтийжелилик** — Китапханлық қәбилетти раўажландырыў ушын өзинше излениске түсиў, оқыў ҳәрекетин проектлеў, оқыў белсендилигин бахалаў және китапханлық көнликпесин қәлиплестириў, нәтийжесин тексериў

**Метод ҳәм усыллар** → Сораўнама, топарлық, жуплық, сораў-жуўап, таллаў, китап таңлау, прозалық шығармаларды саралаў, өзлигинен китап оқыўды шөлкемлестириў, картотекалар дүздириў, шығарманы интерпретациялаў усыллары хт.б.

**Китапханлық қәбилетти раўажландырыў формалары**

- **Әдебиет сабақлары**
- **Кластан тыс оқыў**
- **Өз бетинше оқыў**

**НӘТИЙЖЕ** → Прозалық шығармаларды оқыў тийкарында китапханлық қәбилети раўажланған оқыўшы

Мектеплерде қарақалпақ прозалық шығармаларды оқытыў барысында оқыўшылардың көркем әдебиятқа деген қызығыўшылығын асырыў, көркем сөзлердиң реңбе-реңлиги арқалы оларды тәсирлендирип, тәсиршең қәлб ийесиниң өзиндеги бийбаҳа қәбилетлерди, соның ишинде китапханлық қәбилетин раўажландырыўда конструктивлик педагогикалық моделлестириў нәтийжесинде орынланатуғын илимий-педагогикалық ислердиң улыўма бағдарын, жеке методикалық жумыслардың системасын жөнелислерин белгилеп береди. Бундай тийкарда көзкараста алып қарасақ, оқыўшылардың китапханлық көнликпеси ҳәм қәбилетин раўажландырыўға бағдар жасай алатуғын оқытыўдың формалары ҳәм методлардың хызмети жүдә жоқары.

## Пайдаланылған әдебиятлар:

1.ӨзР Министрлер Кабинетиниң 2020-жыл 14-декабрдеги 781-санлы «2020-2025-жылларда китапханлық мәдениятын раўажландырыў ҳәм қоллап-қуўатлаў миллий багдарламасын тастыйықлаў ҳаққындағы» атлы қарары

2.Рез З.Я. Лермонтов М.Ю. Методика преподования литературы. - изд. 2-ое доп. – Л.:Учпедгиз, 1989,стр. 224

3.Монахов В.М. Введение педагогическую технологию и методологию проектирования. Информатика. - М.: Новокузнецк,1990. –С. 44-46.

4.Коджаспиров А.Ю, Коджаспирова Г.М.Педагогические словарь:для студентов высших и средних педагогических учебных заведений.Москва: Академия, 2001,стр.126